

POSEDE TOUT BAGAY

 Mwen jis gen tèlman rekonesans pou m isi a. Mwen apresye priyè nou yo lè nou te tande ti aksidan m te fè a. Sa jis montre ke Satan pa ka pran w jiskaske Bondye dakò. E m sipoze anpil nan nou ap mande kijan sa . . . kisa k te rive. Mwen te toujou gen preferans . . . Jan nou konnen an mwen . . . amizman mwen, osinon ak sa mwen detann mwen, se swa al lapèch oubyen desann nan gwo espas yo pou ap tire, oswa al lachas, oswa yon bagay konsa. Mwen kontan avèk sa. Si m ta gen pou jwe gòlf, m t ap retwouve m anba la a kot fanm yo a mwatye toutouni. E si m te—e si m te yon jwè foutbòl, ou konn kisa sa t ap ye, sa a. Men mwen—mwen kontan ke se aktivite an plennè, tankou lapèch, lachas ak lòt bagay konsa.

2 E m te toujou kajole youn nan fizi Weatherby Magnum sa yo. E m panse ke yon moun t ap achte l pou mwen si m ta di yon bagay sou sa, men m te gade sa pou mwen paske sa te twòp lajan yo ap mande pou yo anndan la, pandan ke m konnen gen misyonè ki san soulye nan pye yo. Epi pou kite yon moun peye pou sa a, pou pran kantite lajan sa a pou peye pou yon fizi? Frè Art Wilson laba a te bay Billy yon modèl swasann dis Winchester sa pa fè lontan, yon Roberts desan senkansèt. Mesye. Weatherby te mete yon anons ke l te ka pran fizi sa a pou jis fè yon ti chanjman ladan l epi fè l tounen yon Weatherby Magnum, jis an tout sekirite. Kifè Frè Rodney ki vin legliz isi a, Frè Rodney Armstrong te voye l ale la e yo te modifiye l pou vin yon Weatherby Magnum. Sa te jis bay ke yo pa t transfòme l kòrèkteman. Kifè lè m te tire, èske Weath- . . . Konpayi Winchester di ke zam yo fè ka sipòte swasant nèf san liv presyon. Ou konn kisa sa t ap ye.

3 E m te jis fèk posede zam lan, Frè Wood te desann la avè m, e sa te jis pase apeprè a yon pous de je m, konsa. E se yon presyon ki te fè eksploze swasant nèf san liv yon distans de karant sis mè, gachèt fizi a te pati al nan direksyon liy karant sis mè la, boulon an te pati an aryè nan direksyon sa, e fizi a te jis demantibile nan men m. Jis yon flanm dife apeprè wotè plafon an la a, e se apeprè tout sa m te konnen pandan youn ou de segond. Epi, lè m te reprann mwen, san t ap koule soti *konsa*, e m te panse ke sa te touye m, kidonk m te on jan kenbe men m anlè *konsa* pandan yon moman. Epi Frè Wood . . . M t ap eseye gade, e m pa t ka wè nan je sa a, epi m pa t ka tande ditou. Mwen te santi kòm si m t ap mache nan lespas. E m te wè Frè Wood ki ta pral nan direksyon sib la pou wè kote bal la te frape, e m t ap eseye atire atansyon l. Answit li te rive la e nou te monte anwo a. Epi bout rondèl an metal la te fè tout tou je a. E figi m te sanble tankou yo te jis lanse anmbègè sou li, kote sa te jis eklate figi m. E yon gwo moso pyès lou te jis ret kole anwo je a, e sa te fè yon sèk drèt toutotou

zo sinis la ak zo kakòs tèt la *la*. Doktè Adair te retire yo soti.

⁴ Kèk jou apre, byen antandi, jou apre a, Doc te retwouve l lopital la limenm. Yo te voye m al wè yon espesyalis pou je. Li te jwenn yon rondèl, jis anba grenn je a, te gen apeprè trant ti moso debri bal ki te antre byen fon nan boul je a. Ke yo pa t ka retire. Li te rantre, te apèn rate grenn je a e sa te fè yon sèk toutotou l konsa. Li te di, “Sèl bagay ke m konnen,” li te ekri Doktè Adair yon lèt, te di, “bon Seyè a dwe te chita sou ban an avè l, pou pwoteje sèvitè L la, osinon li pa t ap menm gen tèt li rete.” Tout sa Frè Wood ta jwenn t ap jis soti anba *la a*, ou wè. Presyon sa ki te eksploze pa dèyè a! M pa konn kijan l te fè l. Men gwo boulon lou sa a ki te sot nan yon modèl fizi swasanndis la te pwojite lwen al dèyè, si w konn kot Conversion Club la ye a, jis pa dèyè nèt ale nan patiraj pou sèf la. Epi gen pati nan fizi a nou pa t janm jwenn.

⁵ Kidonk, se jis pou montre yon bagay. M va gen yon predikasyon yon jou sou sa, si Seyè a vle, sou “Yon konvèsyon se kòrèk, men ou ta fè mye rete enb. Si l pa t predestine pou sipòte chay ke l pran an, l ap eksploze a chak fwa.” Se vre. Kidonk pa eseye . . . Li mye pou se orijinal la. En-hen. Men se pa pou moke kèk . . . [Yon sè ap pale ak Frè Branham—Editè a.] Kounye a gade, ou wè. Se . . . Oo, natirèlman, ou ka imajine ke bagay yo t ap di fason sa.

⁶ Men, dapre sa m konnen, gen—pa gen yon sèl bagay . . . Natirèlman, zòrèy mwen, ou ka imajine, li toujou ap konnen lè mikwofòn sa a ap fè eko. Se poutèt rezon sa a mwen pa t isi a maten an. Ou pale, ou tande gwo eko sa ap ale tounen. Men yo te mennen m al wè yon espesyalis, ki te di, “Antandman Zòrèy la pa menm anfle. E pou je a,” li te di, “ou pral jis wè menm jan w te toujou konn wè a.” Li te di—te di, “Li te antre pa anba je a. Sa te jis fè yon ti rondèl toutotou sòkèt je a, li te layite tèt li.” Li te di, “W ap toujou gen debri metal ladann.”

⁷ M te di: “Mwen te gen sa depi m te gen dezan, sa memn se te nan yon lòt insidan.”

⁸ Frè Roberson dèyè a la a, m te rele l pou m t ap pale l de sa. Li te di, “Pa enkyete w pou sa,” te di, “Mwen gen de ou twa liv anndan m,” li te di. Li se yon veteran ki fè lagè. “Kifè sa p ap fè mal, mwen te gen yon kantite.”

⁹ E m raple m vizyon Seyè a sa pa fè lontan. Èske w sonje m te di l isi a? Dousè Seyè a jou maten sa a, ki te di, “Piga w pè kwakseswa, kèlkeswa kote w prale, oubyen kisa, paske Prezans Jezikri ki pa janm fayi a ap avè w kèlkeswa kote w prale.” Kifè li pa kapab, Satan pa ka touye m jiskask Bondye di “se fini.” Ou wè? Li ka eseye sa, men li p ap janm reyisi fè l.

¹⁰ Alò kidonk, sa ki etranj lan, m te kontinye kanmenm, kontinye al nan reyinyon m nan, poutèt m te ka wè nan je gòch sa a trè byen, m te kontinye kanmenm avanse ak reyinyon an.

E apres a yomenm, frè ki ta pral nan rezè Endyen an, te oblije anile reyinyon sa a, oswa ranvwaye l, jiskaske m te retounen nan Kot Wès la epi monte al nan Kot Wès la. Kidonk nou ta pral fè reyinyon an la a. E pandan tan sa, Frè Arganbright te resi jwenn mwen, e alò kan reyinyon sa ta fini, mwen ta pral Anchorage, Alaska tou. Se poutèt reson sa m te sitèlman depandan . . .

¹¹ Anpil nan nou sonje vizyon m te genyen an, kote m te tire lous grizli a, lous grizli ki fè nèf pye a, (e legliz sonje m te di l isi a), epi karibou a. Mwen te gen yon lòt. Sonje sa sou kasèt la a, mwen te wè yon gwo gwo lous koulè mawon. Sa ta ka yon Kodyak e sa pa t ap ka rive anba la nan Canada, paske w pa jwenn yo la, ou wè. Men kèlkeswa kote sa pral rive a, se ap sa. Sa ap fèt, se ENSI DI SEYÈ A. Sa ap fèt. Ou wè?

¹² E kounye a mwen di nou mèsì paske n ap priye pou mwen. Mwen te konnen ke anpil nan nou t ap priye lè nou te tandè ke m te blese. Epi yon ti gwoup ki jis . . . Pitit fi m nan laba a, Rebekah, te ekri Sè Dauch k ap frekante legliz isit la, yon lèt, pou di l sa. E manzè te rele Meda kèk sware apre sa, li te di, “M pa konn si sa te ede ou non, men nou tout gwoup isi a te rasanble ansanm.” Minis Metodis la ak—ak Frè Brown, fanmi yo ak yo tout te reyini ansanm, yo te priye tout lannwit pou mwen. Li te di, “M pa konn si Bondye te tandè ou non, men, nou konnen ke Frè Branham te priye pou tèlman moun, ke n te panse nou ta dwe priye pou li.” Sa a se jan de priyè L ap tandè, ou wè. Se vre, jan sa ki konsa yo!

¹³ Frè Crase, youn nan frè nou yo isi a, Satan te atake l jis dènyèman, li te frape yon poto, oo, li te jis koupe . . . konplètman. M pa wè kijan l te janm fè soti vivan nan sa. E kifè li te lonje la a nan lopital la e l te di ke te gen yon ti frè ki t ap soti New Albany, ki te rele Medcalf, epi l te di, “Frè Crase, mwen—mwen—mwen pa diy pou m vin priye pou ou, men,” te di, “Seyè a jis mete sa sou kè m, kidonk m pa t ka anpeche l.” E li te jis soti pou mete l ajenou, epi l te fè yon ti priyè apres li te soti. Bondye te geri Frè Crase drèt la. Ou wè? Lè, ou wè, se don gerizon nan Kò Kris la, ou wè, de yon manm a on lòt.

¹⁴ Pa panse paske ou se jis yon senp manm; se sa, ou se manm menm jan ak nenpòt lòt moun. Sa se jis otan dwèt mwen se dwèt mwen tankou ponyèt sa se ponyèt mwen, oswa zòrèy sa se zòrèy mwen. Ou wè? Se jis yon manm nan kò a. E nou tout . . . Si yon manm ap souffri, tout manm yo nèt ap souffri ak sa. Yon inite, ala yon inite beni! Kounye a mwen . . .

¹⁵ Alò apre sa, la, mwen te pran kèk reyinyon anplis e m te kite yon ti tan la a pou yon sware ankò avèk tabènak la, si Seyè a vle. Epi, si Bondye vle, pwochen dimanch maten k ap vini an Mwen vle pale sou *Tras Pwofèt la*, e alò, nan tabènak la.

¹⁶ Demen swa, oswa dimanch swa, m ap anwo isi a nan Gospel Tabènak la, youn nan frè nou yo, Frè Ruddell. Mwen vle pale sou sijè sa, *Kite Presyon An Soti*, si Seyè a vle.

17 Epi apres a Madi apre a, nou dwe kite lè sa a pou al Wisconsin, avèk konvansyon reyjonal Òm Dafè Plen Evanjil yo. E m ap la pandan twa sware. Sa se nan . . . Billy, kijan vil sa a rele? Ki te resevwa . . . [Frè Billy Paul di, “Green Lake.”—Editè a.] Green Lake, nan Wisconsin. [“Jedi.”] Kilè? [“Jedi, Vandredi, ak Samdi; soti disèt rive diznèf.”] Jedi, Vandredi, ak Samdi; disèt, dizuit, ak diznèf, nan Green Lake, Wisconsin, konvansyon reyjonal la.

18 Epi apres a dimanch, nan dat 20 an, m ap Chicago nan oditoryòm Lekòl Segondè a, nan menm oditoryòm ke nou te ye dènye fwa a. Ou sonje kisa non sa ye? [Frè Billy Paul di: “Stephen Mather.”—Editè a.] Oditoryòm Lekòl Segondè Stephen Mather, pou Dimanch apremidi.

19 Alò Lendi m ap laba a . . . Mwen bliye non plas kote Seyè a te montre m konvansyon an fwa sa a konsènan Asosyasyon Minis Chicago yo, yo te reyini avè m pou diskite sou sijè yo, ou konnen. Mwen te di, “E Seyè a te montre m kote sa a.” Se yon reyinyon adye pou Frè Joseph Boze, ki dwe vin isi a demen nan avyon pou wè m, epi yon fèt adye pou li Lendi.

20 Alò n ap rantre dirèk lakay pou pati apres a, paske se pral moman lè sa pou ale Southern Pines, nan Caroline di Sid, oswa Caroline di Nò. E apres a desann Columbus, Carolin di Sid. E apres a al Cow Palace nan Kot Wès la. E apres a monte al Grass City, pou kontinye nan Spokane, rantre Canada, e apres a an Alaska. Kidonk rete nan lapriyè pou nou, nou vrèman bezwen priyè w yo.

21 E yo anseye nou nan Lekriti a ke tout bagay travay ansanm pou byen sila yo ki renmen Bondye. E mwen kwè, depi moman sa a, e akòz fidelite moun yo ak tout bagay . . . Yon moun te di, “Kouman sa t ap rive, e poukisa Bondye ta pèmèt sa?” Mwen te ka mouri sou wout ki t ap mennenm la, yon fason oswa yon lòt, Li—Li te gen yon bagay pou kontoune sa. Sonje, Ekriti yo pa ka fayi, “Tout bagay travay ansanm pou byen sila yo ki renmen Bondye.” E, si m konn kè m, mwen renmen L. Mwen—mwen renmen L ak tout kè m. Epi sa mennen nou yon ti kras pi pwòch ansanm.

22 Epi, panse kounye a, ke tout moun ki te tande pale de sa, pa ka konprann kijan m te menm gen yon tèt oswa zepòl ki rete, ou wè, epi ret chita nan tout katastwòf sa a. Sèke, sa a te pwòch mwen, ki te ka fè pwobableman toupre de mil liv eksplozyon drèt nan figi w. Ou wè, se ase pou jis dezentegre w, ou wè, jis baleye l soti. Si l te dezentegre asye fizi lou sa a pou eklate plon kanon sa a soti drèt al nan direksyon liy karann senk mèl la, epi—epi kwòs la, ou ta dwe jis wè fizi a. Li jis pa sanble a yon fizi, se jis ti moso ke yo te ranmase.

23 E alò, soti nan sa, san okenn sekèl. Lwanj pou Bondye vivan an! Jis ase pou anpeche m monte la a jiskaske mesaj Eddie a te rive ke m pa t sipoze vini nan moman sa. “Gras etonan, ala son an dous, ki te sove yon mizerab tankou mwen!” E sa fè nou konnen

ke, pou nou apresye Bondye ki avèk nou an. Bondye avèk nou, epi ala nou rekonesan!

²⁴ Kounye a, mwen te di maten an mwen te panse ke m ta pral desann, sètalo ke presye frè isi a lè m te retounen . . . Mwen te di Sè Wood jodi a, ke m kwè Frè Neville . . . Billy te rele m pou di, “Koute mesaj la si w kapab.” E mwen kwè yon ti moso nan metal sa a te deplase epi te desann anba je m la, li te reyèlman fè m pase yon move kadè, men li soti kounye a. Yo te fini pa lave l soti. Kifè apre sa li te di . . . Aswè a mwen te panse mwen ta pral desann la a, epi presye frè sa a pwobableman t ap preche konsa, Mwen konn kisa sa ye lè w gen yon gwo reyinyon epi ou vrèman anwe, ou konnen, epi—epi gòj ou ap boule w epi ap fè w mal. Kidonk mwen te panse m t ap desann, epi m t ap chwazi kèk Ekriti pou li. M te panse, “Sware kominyon an.”

Mwen toujou vle pran kominyon.

²⁵ Apresa m te gen kèk zanmi, yo isi a kèk kote. Mwen pa wè twò byen, jan nou konprann lan. Gen remèd belladona toujou nan je sa a ki fè l dilate, li jis on jan flou. E kifè yo isi a, zanmi ak fanmi bon presye frè m lan, F.F. Bosworth, ki nan Laglwa. Kidonk ke Seyè a beni moun sa yo, nou te jis priye pou yo nan sal la dèyè a.

²⁶ Kounye a, pa bliye, Mèkredi swa se reyinyon priyè mitan semèn nou. E mwen panse, pa Frè Jackson lan, se Jedi swa. Epi Frè Junior anwo la se . . . Oswa, Frè Ruddell se le Mèkredi swa. E tabènak la nan Utika se le Mèkredi. [Frè Neville di: “Se le Jedi swa.”—Editè a.] Le Jedi swa. Epi apres a tounen isi a Dimanch maten pou yon sèvis ak asanble a.

²⁷ E alò kounye a, ak Dimanch swa mwen gen pou m al jwenn Frè Ruddell. Mwen ta pral fè l yon Mèkredi swa, men, nan semèn apre a, men mwen pa ka fè sa, kifè mwen te dwe mete l pou Dimanch swa. Men kounye a moun yo isi a nan tabènak la, ap rete la menm nan tabènak la, ou wè, paske m pral kot Frè Ruddell pou sware sa a jis pou m pale, pa pou sèvis gerizon. Epi, men sonje, rete drèt nan pòs devwa w, drèt la nan tabènak la. Sa se plas ou, ou wè. Kidonk nou pral atann nou a yon bon moman. E alò nou tout priye pou nou pandan n ap avanse.

²⁸ Nou gen konfyans ke Bondye ap rankontre avèk nou aswè a la jis anvan kominyon an. E kounye a mwen panse . . . Èske se tout sa nou genyen, pou anons yo, ke nou konnen? [Frè Neville di: “Wi.”—Editè a.] Kounye a, ann prepare teren an . . . [“Antèman, demen apremidi.”] Kisa, frè? [“Antèman, demen apremidi, a dezè.”] Yon antèman. [“Nan Edmonton. Manman. J.T.”] O, wi. Antèman . . . youn nan frè evanjelis nou yo ki mache nan tabènak sa a isi a se jis . . . Ebyen, li se youn nan nou isi a. Li konn deplase al preche e sèvi kòm pastè, J.T. Parnell se yon Frè. Ti manman presye li te mouri lòt jou swa, yon ti manman, ak do l panche, tèt blanch. E se pral nan Edmonton, Kentucky. Sèvis antèman an se demen. Mwen konnen anpil nan nou t ap mande, pou ta bay flè

pou li, men nou pa t kapab. E sèl fason legliz la te ka bay yon kouwòn flè la a, yo ta dwe fè l pa telefòn epi fè faktè a livrezon. E sa ta dwe fèt demen, ke l rive ou non, flè yo, kidonk sa vin difisil. Men se sèten ke nou vle eksprime kondoleyans nou bay, frè a, Frè Parnell nou an ki pèdi manman l, sa ke, m te fè menm jan an tou dènyèmman. E mwen sèten ke Sè Spencer ak anpil lòt moun isi a ap pataje kondoleyans yo, tou, yomenm ki fèk sot pase atravè lonbraj ak chagren.

²⁹ Kounye a ann koube tèt nou jis yon moman, nan Prezans Li, pou lapriye. Bon mwen vle w priye pou mwen. E li on jan difisil isi a aswè a, pou ap eseye wè, ak limyè sa a ki flou. Epi—epi je m kòrèk, men yo mete kèk medikaman belladonna ladann pou dilate l. Ou konn kisa sa ye. E se te konsa depi apeprè sis jou la, ou wè, e li te di sa ka dire yon lòt semèn oswa dis jou. Kidonk priye pou mwen. E apresya rebondisman son ki soti nan mikwo sa a sou mi yo, priye pou mwen. Bon èske m ka wè men w, epi Bondye, si w gen yon demann jis leve men w. Bondye, reponn priye, pandan nou rasanble ak respè epi koube kounye a.

³⁰ Papa nou ki nan Syèl la, Ou te chwazi pou nou rasanble ansanm. Se volonte Bondye pou ke nou ta dwe rasanble nou ansanm pandan nou wè Jou a ap apwoche, e sou yon baz regilye, Seyè, pou mennen nou pi pre W epi pi pre youn lòt, nan yon lyen fratèl, atravè San Jezi ki te vèse a ki rann sa posib.

³¹ Nou tèlman rekonesan aswè a, Seyè. Mwen—mwen—mwen pa t janm te gen tèlman rekonesans pou—pou m isi a, Seyè, e mwen—mwen jis tèlman gen rekonesans pou Ou. M jis pa ka jwenn mo pou m eksprime kijan mwen rekonesan dèske m gen je pou wè ak zòrèy pou tande, epi pou m pami moun ki vivan sou tè a, pou kontinye ak Levanjil la. Sa fè nou gen tèlman apresyasyon, Seyè, lè n ap gade kijan nou pase pwòch ke sèlman . . . Lè moun ki gen gwo konpreyansyon jis grate tèt yo pou di, “Kijan sa te ka janm rive? Se sèlman men Bondye!” Alò mwen koube tèt mwen ak imilite, Seyè, pou m wè ke W te akòde m mirak la, ki te rive ozanviwon kote sèvitè W te kanpe a. Mwen tèlman rekonesan. E kounye a, Papa, mwen konsakre lavi m pou sèvis Ou ankò, apre sa m fin pase la a. Ou pa ka janm nan lavi a pi pre lanmò ke lè sa a, epi apresya pou gen lavi. Alò mwen rekonesan.

³² E kounye a mwen priye pou tout moun sa yo ki te leve men yo aswè a, yo chak te gen yon demann. E anpil nan yo gen remèsiman, prèske yo tout, Seyè, nan kè yo, pou sa W te fè pou yo tou.

³³ Kounye a nou vini aswè a pou reyini nan yon okazyon trè espesyal, ki se, pou pran sa nou rele “kominyon an,” oswa, “Soupe Seyè a.” *Kominye* se “pale avèk, oswa gen konvèsasyon avèk.” E se sa n ap fè kounye a, Seyè, gen yon konvèsasyon avèk Seyè nou an, ap kominye, pale, ap tann Li pou repons Li.

³⁴ E kounye a, Papa, nou priye ke W va kominye an retou avèk nou aswè a atravè Pawòl ekri a. Epi ban nou yon bagay nan kè nou, estabilize vwayaj nou—nou—nou an, Seyè, epi renouvle kouraj nou. Epi beni pastè nou an, Seyè, presye frè nou an, sèvitè W la, ak madanm li ak fanmi l; epi dyak yo ak administratè yo, ak tout moun k ap mache nan legliz la. O Bondye, atire nou pi pre W. Se pou genyen, jan powèt la te di, “Benediksyon pou lyen ki ini kè nou nan lanmou Kreyen an. Kominyon an espri fanmi nou an ka tankou sa k anwo a.” Akòde l, Seyè. Beni tout lòt adoratè atravè monn lan. Epi kounye a, Papa, brize Pen Lavi a pou nou pandan n ap atann nou a Oumenm. Nan Non Jezikri, Pitit chéri W la, nou mande l. Amèn.

³⁵ Kounye a, anpil moun renmen pran nòt kote yon predikatè ta li. E mwen te . . . Apre midi a apre m te fin soti ak Frè ak Sè Wood, epi nou te desann al wè Frè Gobel Roberson nou an, konsa nou t al, nan sal ekspozisyon l lan, nou te retounen, e mwen te panse . . . Yo . . . Sè Wood t ap di m ala yon bèl mesaj pastè nou an te preche maten an. E m te jis ap panse a pòv ti bonòm lan, ki te ka gen yon gòj fè mal, e mwen menm tou, men mwen—mwen te panse ke nou ka pataje sa ansanm, petèt, si l te mande m pou m pale. E m te pran kèk nòt la a sou sa m ta renmen pale a.

³⁶ Dabò, ann al nan 2 Korentyen 6: 7 a 10. En Korentyen, chapit 6, vèsè 7 ak vèsè 10 la, enkli. E apres a Jenèz 14: 18 a 19. Pou tire nan sa la, si Seyè a vle, yon kon- . . . oswa yon kontèks apati de tèks la. E kounye a m ap li apati de Premye . . . oswa nan 2 Korentyen, premye a, 2 Korentyen 6: 7 a 10.

Nan jan m ap mache bay verite a, nan jan Bondye soutni mwen ak pouvwa li, zam mwen se tout bagay ki dwat kit pou atake kit pou defann,

Yon lè yo pale byen pou mwen . . . epi yon lòt lè yo pale m mal: yo fèm pase pou moun k ap bay manti, men se verite a m ap di;

Yo fè nou pase pou moun pèsonn pa konnen, . . . e poutan yo konnen nou byen pwòp; yo pran nou pou moun mouri men nou byen vivan; nou pran anpil kou, men nou pa mouri;

Yo pran nou pou moun tris, men kè nou toujou kontan; yo gade nou pou moun pòv, men nou fè anpil moun vin rich; epi yo gade nou pou moun ki pa gen anyen men se nou ki gen tout bagay.

Jenèz 14:18 ak 19.

Epi Mèlkisedèk menm ki te wa Salèm te pote pen ak diven: e li te prèt ki pi gran an . . .

E li te beni Abraham, epi li di, se pou Bondye Abraham ki pi wo nan syèl Beni, Limenm ki posede tè a ak syèl la:

37 E si m ta rele sa yon tèks, m ta renmen pale sou sijè, . . . *Posede Tout Bagay*. Tankou nan Korentyen la, nou . . . Li di ke nou—nou pòv, men nou posede tout bagay. *Posede Tout Bagay*. Bon, mwen renmen sa. Kounye a nan Jenèz nou li konsènan Abraham ki rankontre Grantòm sa a ki rele Mèlkisedèk la, Ki te Posede alafwa Syèl la ak tè a. Kidonk, Li te Posede tout bagay, Posede Syèl la ak tè a, sa vle di, tout bagay.

38 Kounye a, nou konn istwa Abraham ak sa k te rive. Yo te rele l yon—yon kote pou fè devwa l. Yo te rele l soti kite peyi l, peyi Kaldeyen yo, ak lavil Ur; kote li te ye ak papa l epi pèp li. E se te anba a nan vale Chinaa yo, petèt yon peyi rich e fètil. E Abraham, jan nou konprann lan, pa t yon moun espesyal nan je mond lan. Nan lòt mo, li pa t yon wa, oswa yon monak, oswa yon potanta. Li te jis yon nonm. E li te marye ak demi sè l, ki te Sarah, e petèt li te marye avè l lè l te yon jèn dam. E Bondye te rele l lè l te gen swasannkenz lane, pou fè sèvis avi, e sa te enkli konpay li an tou.

39 E la menm nou ka kòmanse. Mwen kwè ke lè Bondye rele yon nonm pou fè sèvis, si l se yon nonm marye epi li gen yon konpay, Li rele madanm li avè l, paske yo toulède se youn. Kidonk, pe enpòt kote a, nou jwenn pi devan ke Bondye ta ka petèt touye Sarah lè l te doute de mesaj Anj lan, vennsenkan pita, lè yo te chita anba pye bwatèchèn lan jou sa a, kan l te ri lè Anj lan te di manzè, oswa te di Abraham ke manzè ta pral manman, epi Sarah te ri nan limenm e te di, “Kouman sa ka fèt mwenmenm, yon vye granmoun?” Katrevendizan, e mari l te gen santan. Li . . . matris manzè te cheche nèt depi dè zane, e kò pa l limenm te kòm mouri. Alò kijan l te ka janm gen plezi ak mari l ankò? Epi manzè te ri an kachèt.

40 E Anj lan, ak do L tounen bay tant lan, te di, “Poukisa Sarah te ri a?”

41 E manzè te nye sa. Bon, se kòm si w di Bondye nan figi L ke Li “gen tò.” Ou wè? E sa ta ka koute l lavi l, men Bondye pa t ka pran Sarah, paske li te yon pati de Abraham. Ou wè? E li te nan alyans lan avè l, alò manzè te oblije ale avè l. Kidonk Li pa t ka pran Abraham . . . osinon pran Sara, san l pa pran yon pati nan Abraham, paske toude sa yo fè youn.

42 Yon bèl tip de noumenm jodi a, ki pa diy, ki merite lanmò lè nou komèt peche, men Bondye pa ka touye nou, paske Li ta . . . nou se yon pati de Kris. Ou wè? Sa se gras nou, paske nou nan yon inyon ak Kris. Èske sa pa yon bèl panse, inyon avèk Kris? Kifè se poutèt sa, peche nou yo, lè nou komèt yo, nou dwe konfese yo byen vit, ke “yo se mal,” sinon Bondye ta ka retire lavi nou. Men San an reponn nan plas nou, e Bondye jis pa ka travèse San sa a. Ou wè? Li jis pa ka fè l, paske se yon pwomès ke Li pa t ap fè sa. Kifè Li pa ka brize Pwòp pwomès Li. Ou wè? Kifè Bondye te retwouve l Limenm, kòmsi, de men L te mare. Ou wè, Li pa

ka brize pwomès Li. E Li te pwomèt Li atravè San sa a, nenpòt moun ki te kwè t ap gen Lavi Etènèl, e Li pa ka brize pwomès sa.

⁴³ Kidonk nou wè ke Abraham, nan lobeyisans, te kite lakay li, te kite peyi l, epi te separe ak tout bagay, tout byen latè li yo, pou l te wwayaje al nan yon peyi etranje, pou l al rete. Yon tip Legliz la. Yo te mande nou pou nou abandone tout bagay ki nan mond sa a, pou nou ka swiv Kris.

⁴⁴ Kounye a, nou jwenn Abraham kontinye ap swiv, ane apre ane. Epi li te pran yon kantite avè l, se te papa l, e li te mouri touswit. Epi li te pran neve l, se te Lòt, epi Lòt te separe tèt li poutèt diskisyon, e li te desann al viv Sodòm, malgretou li te yon pati de Abraham. E Bondye te bay peyi a ak tout sa ki te nan peyi a, remèt bay Abraham, li te eritye tou sa. Bondye te di, “Gade nan lès, lwès, nò, ak sid, e tou sa se pou wou ak semans ki vin apre w la. Tout se pou wou!”

⁴⁵ Kounye a, yon jou Abraham te vin on jan an difikilte, e Lòt te gen la vi fasil, ap layite nan peche. Ala sa fasil epi ala peche sanble bay plezi, e ala sa te sanble inosan. Kounye a, si Lòt di sa a, “Osi lontan mwen kwè! Mwen kwè nan Bondye, alò poukisa m pa ka desann la a nan Sodòm, epi—epi sa pral kòrèk. Mwen se yon kwayan.” Men sa pa t kòrèk.

⁴⁶ Ou wè, Bondye, lè L te rele Abraham, Li te rele l pou l te separe tèt li ak tout bagay. E se sa nou dwe fè. Bondye rele nou pou yon separasyon total avèk peche, “Soti nan mitan l, pa patisipe ladan l!” Evite l, menm aparans sa k mal la. Fè separasyon, elimine l nèt! Pran distans ou lwen avè l. Pa al sou teren l yo, kèlkeswa jan—jan li . . . sa parèt bèl.

⁴⁷ Nou menm moun yo, nou ta ka panse la kounye a, men li, “Frè Branham, mwen—mwen pafwa tante pou m vòlè, oswa pafwa mwen tante pou m fimen.” Oswa pafwa fanm yo panse, “Mwen tante pou m abiye tankou moun nan monn lan, ou konnen, rad imoral yo ak bagay sa yo. Mwen te tante,” jenn medam yo. Kounye a, ou panse ke sa se tantasyon, sa w ta di pou bò isi a kote ke w ap veye sou chak ti mouvman, ou wè, nan yon ministè. Ala yon bagay pi gwo sa ye bò isit la, e ala y ap gen pou bay repons pou plis. Paske, ou dwe reponn pou pwòp nanm ou, men nou gen pou reponn pou tout moun nou te pale avèk yo. Ou wè? Kifè Satan jis tout tan la . . . Kote w t ap di, oudenm, “Eske se pa yon bèl ti rad? Se toutafè mal pou mete l, men eske l pa bèl? Sa t ap jis fè m byen.” Alòske pou mwen . . . Bon, sa a, ou konnen ke sa a pa bon. Men pou yon predikatè se, “Ou ta dwe al nan reyinyon sa la, se jis sa. Yo di sa tèlman ekstraòdinè, asanble a- . . .” E poutan ou dwe ret tann epi tandè Bondye di “ale,” ou wè. “O, èske w ta vle al bò isi a pou wè moun sa la? Sa a se *tèl-e-tèl*.” Epi ou dwe sou gad ou, fè atansyon. Ou wè? O, li tèlman malen. Epi bon nou dwe siveye bagay sa yo.

48 Kounye a, Abraham te oblije ap siveye, tou. Men limenm, olye pou l te desann Sodòm avèk Lòt, li te separe tèt li epi li t al nan dezè a, li te pran chemen an ak ti group meprize ki pou Seyè a. Sa ta dwe atitid nou. Pran chemen ak pèp Bondye a kèlkeswa jan sa difisil ou fasil, ale kanmenm. Pare pou al nenpòt kilè a, kounye a, kèlkeswa kote L ta ka rele w la.

49 Kounye a, apre sa te fin pase, alò te gen—te gen yon wa ki te parèt ki te pran chemen lagè ak yon ti tribi moun anwo la a, e yo te baleye ap desann nan vale a epi yo te pran tout ti gwoup yo, tout ti wayòm, te pran, te antre nan Sodòm epi te pran wa Sodòm ak Gomò a, li te pran Lòt (nève Abraham lan), madanm li, pitit fi l yo, timoun li yo, yo tout, ak tout byen yo, tout sa yo te posede, te fè tout tou a nèt, ap netwaye peyi a pandan l t ap avanse. O, ala yon bagay terib, salè peche se lanmò! Lòt te reyalye, san dout, li t ap mache la e petèt avèk yon—yon kòd oswa yon chèn nan kou l, antanke esklav; pitit li yo, jèn tifi pou yo te vyole; ak madanm li, ak tout bagay, e petèt t ap mouri a nenpòt ki moman li te dezobeyi yon lòd, e petèt li t al nan yon lòt wayòm kote l te vin yon esklav pou rès jou l yo.

50 Men Abraham, lè l te dekouvri ke yo te pran Lòt, se te yon pati nan posesyon Abraham. E Abraham te ka di sa, “Bondye, Ou te di m ke si m ta obeyi W pou mache isi a, nan peyi sa, Ou t ap ban m sa a. Li pou mwen. E Lòt se yon pati nan sa, e mwen pral dèyè l.” Alò li te rasanble yon ganizon, oswa te rasanble sèvitè l yo, epi ame yo. E li te pran sèvitè l yo, epi l te soti al pouswiv yo jouk li te jwenn wa sa a ak tout lòt ti wayòm sa yo. Gade jan yo te yon gwo lame lè sa a! Men sou direksyon Bondye, Jeneral an Chèf la, li te separe tèt li, epi li te anvayi yo e te masakre wa yo, e te fè Lòt retounen ak tout ti wayòm yo, te mennen yo tounen lakay yo, nan peyi yo ankò.

51 Ala yon imaj Kris nou jwenn nan Abraham la a, k ap vini apre ke lènmi an te anpare l de tout bagay, epi Kris te vini e te mennen nou tounen.

52 Bon nou jwenn nan istwa ekstraòdinè sa ke Abraham, sou wout ap retounen, t ap retounen apre l fin gen viktwa a, li te rankontre Mèt Syèl ak tè a, Mèlkisedèk, ki se Wa Jerizalèm lan, Wa Salèm, ki te Jerizalèm, ki vle di Wa Lapè, ki vle di Wa Lajistis. Li pa t gen papa, Li pa t gen manman, Li pa t janm gen kòmansman e Li pap janm gen fen, kidonk se pa t anyen lòt ke Toupwisan an. Epi Li te rankontre l sou wout li pral lakay, apre masak wa yo. Li te rankontre Mèt la, Sila Ki posede tout bagay yo te rankontre l sou wout la ap retounen. Ala yon bagay glorie! Kounye a Abraham. . .

53 Mwen renmen sa. Abraham te eritye tout bagay, ak pwomès la, konsa li te ka reklame tout bagay ki te nan peyi a, ak peyi a limenm. Yo te bay Abraham pwomès la. Kounye a, nou konprann ke Abraham te nonm ki pi pòv nan tout peyi a, paske li t ap viv

nan dezè a, epi li t ap viv anpè ak Bondye. Epi Lòt, te rich, t ap viv nan vil la epi li te vin gouvènè vil la; li te chita nan pòtay la, li te yon jij, e li te konn jije vil la, e li te gen tout richès ak bagay sa yo. Men Abraham te nan dezè a, e . . . petèt nonm ki pi pòv nan peyi a, e poutan nan pozisyon pou l posede tout bagay. Amèn! Se sa m renmen an.

54 Oo, aswè a, nou ka pa rich ak byen mond sa, men nou posede tout bagay. Legliz, Limenm, posede tout bagay. Malgre li pòv, poutan rich epi posede tout bagay. Mwen renmen sa. Li . . . Nou—nou se. Ansyen kantik nou te konn chante plizyè lane pase, “Papa m rich ak kay ak tè, Li kenbe richès monn lan nan men L! Ribl ak dyaman, epi ajan ak lò, kòf Li ranpli, Li gen richès ki pa ka konte.” E se nou ki posede sa, paske nou se pitit Wa a. Amèn. Timoun lan toujou vin eritye, nou konn sa. Dakò.

55 Abraham te ka reklame sa, poutan li te pòv, bèt li yo t ap mouri grangou; Lòt te pran pi bon tè a. Li te manke dlo. Jounen yo te cho, epi gadò mouton yo te nan pwoblèm, e tout bagay te sanble ap pase mal pou Abraham, malgretou li te posede tout bagay la nèt.

56 E, jodi a, yo chase vrè kwayan an nan mitan moun yo, ap rele yo “fanatik, sen k ap manifeste,” oswa yon jan de non pou manke respè, yon jan de fanatik relijye, e poutan li eritye tout Syèl ak tè a. “Benediksyon pou moun ki dou yo, yo va eritye tè a.” Oo, la la! W ap pale de mete w deyò nan yon kabin oswa kèk kote, epi apèn gen ase lajan pou peye lwaye w, poutan ou posede tout bagay nèt. Amèn. Ou oblije travay epi redi epi swe pou kèk dola, pou mennen yon vi onèt, pou mete soulye nan pye pitit ou, epi met manje nan ti bouch grangou yo, e poutan ou posede, eritye tout bagay ki isi a. “Moun ki dou yo ap eritye tè a.” Yo posede l. O, la la, mwen renmen sa! Mèt tè a! Kilès li ye? Kwayan an. Kwayan an gen yon tit, tit pwopriyete, se vre, akòz Jezikri, ke “Li va posede linivè sa a annantye.” Se vre. “Moun dou yo va eritye tè a.”

57 Abraham te gen—te gen, te ka posede peyi sa a, paske . . . ak sa k te sou li. Bondye te ba li l. E Lòt te yon pati de peyi sa a. Kifè Abraham te gen dwa sou li. Li te ka—li te ka reklame l oswa met men sou li. Li di, “Kounye a, Bondye, Ou fè m pwomès la, ke peyi sa a ak tout sa ki ladann se te pa m, e Ou te fè pwomès la. Kounye a yo te pran fanmi m, e tout sa l te genyen te pati.”

58 Nan lòt mo, si m ta aplike l jodi a, m t ap di, Legliz ka di, “Seyè Bondye, men frè m lan, li blayi la a, li frape ak kansè, li frape ak tibèkiloz, li gen *tèl e tèl* bagay. Mwen met men sou pwomès la, se byen pa m. Ou—Ou di m sa!” Amèn! Men ni. Alò, lè sa ou ka al dèyè lènmi sa a, demon sa a, epi masakre l jis menm jan Abraham te masakre wa yo epi te retounen ak posesyon li. Amèn. Mwen renmen sa. Se pou kwayan an.

59 Poutan Abraham te gen dwa a pwomès la, e pwomès la te pou li, sepandan li te oblije gouden pou pran posesyon de li. Amèn.

Men ni. Kwayan an jodi a, poutan nou eritye tout bagay, poutan nou eritye tout benediksyon esprityèl, tout benediksyon fizik, chak benediksyon Bib la pwomèt, sepandan ou dwe konbat pou chak pous ladann. Se fason sa a Bondye te etabli l. Li te toujou konsa. Ou dwe goumen pou posede sa w konnen ki se pa w la. Ou dwe goumen pou posede l. E se sa nou dwe fè kounye a.

60 Ou di, “Frè Branham, mwen bezwen gerizon.”

61 Pwomès la se pou ou. Men, si w resi jwenn li, ou pa pral jwenn li fasil, m ap di w sa. Ou pral oblije rache l nan men Satan. Satan anpare l de sante w, ou gen dwa pou al—al kot Satan, pou di, “Remèt li! Ban mwen li! Mwen vini nan Non Seyè a, Mèt Syèl ak tè a, e mwen se eritye Li. Remèt li! Ou te pran pitit mwen, ou te mele l ak move gason an. Ou te pran ti gason m lan epi ou mele l ak move jenn fi a. Mwen reklame yo! Se sa. Mwen reklame pitit mwen yo, mwen reklame frè m, mwen reklame sè m. Wi, Satan, ou te pran yo nan kay Bondye a, ou te kondui yo deyò a la a, men m ap vin deyò yo. Mwen reklame yo.”

“Ebyen, kijan w fè konnen?”

62 “Mwen se yon eritye tout bagay. Amèn. Yo te ban mwen L. Mwen se yon eritye, mwen ka reklame tout bagay ke Bondye te pwomèt mwen.” Amèn. Men ni. “Se pa m.” Kijan w genyen l, yon bagay ke w te fè? Non, mesye. Se don san merit la ke Bondye te ban nou, e se pa nou, se pou nou l ye. Satan pa ka kenbe l si w al kote l avèk—avèk otorite dapre Pawòl Ekri a, ak lafwa, pou di, “Se pa m! Depoze sa.” Amèn. Glwa! Mwen renmen sa. “Satan, depoze sa. Ou te pran l nan men m. Remèt li, paske mwen voye avètisman ba ou. Mwen gen yon manda ekri drèt la nan Pawòl la, ‘Syèl ak tè a va pase, men manda sa a p ap pase.’ Kifè mwen vini ak manda sa a, pou fè w konnen, ke Jezikri di kèlkeswa sa m mande Papa a nan Non L L ap ban mwen l. Si m di montay sa a, ‘deplase,’ epi m pa doute nan kè m, men mwen kwè ke sa m te di a pral rive, mwen ka gen sa m te di a. Depoze l!” Sa ap fè l kòmanse. Pa kite l ap kòmanse, fè l kouri. “Depoze l, paske mwen vini ak otorite dapre Ekriti a. Mwen se yon kwayan.” Ou sezi sa? Wi, mesye. Wi, mesye.

63 Kisa l te dwe fè an premye, Abraham, pou l te ka fè sa? Li te dwe baze fwa li sou fondasyon solid wòch Pawòl Bondye te pwomèt la. Gade, sèl bagay li te genyen se te yon ti ponyen sèvitè, petèt yon douzèn. E petèt te gen kèk milye moun, ki te ame. E moun li yo pa t sòlda, yo te domestik, gadò bèf, gadò mouton, elvè bètay; petèt kèk vye kouto wouye ke yo te ranmase kèk kote, ki t ap trennen nan . . . deyò la a, e plizyè lapli te tonbe sou yo, yo te wouye. Men Abraham pa t ap gade kouto wouye, oswa okenn boukliye ditou. Li te repoze fwa li sou Pawòl Bondye a. Men ni. Se sa ki fè l. Se sa.

“Kijan w pral konbat yo lè w rive la a?”

64 “Sa pa depann de mwen. Se a mwenmenm pou m mete fwa m nan sa Bondye di. Se pa m, m pral dèyè sa k pou mwen.” Amèn. Kounye a, lè moun ki malad yo ka wè sa, maladi a prèske fini nan moman sa la menm. Ou wè? Sèten.

65 Lè yon pechè ka wè ke w pa oblije peche! Anpil moun, yo peche paske yo oblije peche. Sa se yon kondisyon ki fè pitay lè w di ke w “oblije peche.” Men lè w reyalize ke w pa oblije peche ankò! Gen moun ki jis leve kanpe pou ap madichonnen epi ap ri w nan figi w, epi—epi rele w “estipid” ak tout lòt bagay, yo se pechè volontèman. Ou wè, alò pa gen espwa pou yo. Men nonm sa k ap fè yon bagay san rete, yo pa vle fè l. Li—li vòlè, li pa vle fè l. E li bay manti, e li pa vle. Li—li fè bagay ke li—li pa vle fè, li pa vle rete yon pechè. Gen espwa pou li si w ka kite l wè kisa k Verite a. Ou wè? Apwoche w de pwomès Bondye a epi apiye fwa w sou sa, epi al mache kontre lènmi an. Li jis tou senpleman pa ka kenbe sa ankò, se tou, paske se pa w.

66 Bon, ann gade zanmi sa a kounye a. La a Abraham te di: “Mwen se eritye. Sa se pou mwen, tout bagay nan peyi sa se pou mwen. Paske Bondye. . . M poko genyen l.” Men li te genyen l, se te pa l, kanmenm.

67 Kounye a nou eritye tout bagay. Se pa vre? Nou se eritye tout bagay. Bib la ke nou fèk sot pakouri a di sa la. Nou se eritye tout bagay nèt, tout bagay. Nou poko pran posesyon l, men se pa nou. Amèn. Oo, glwa! M pa posede yon pous tè, men tout se pa m, kanmenm. Sèten. Tout se pa nou, se pou moun yo, Legliz, kwayan yo, Lepouz Kris la posede chak ti pati ladann. Larisi ap goumen pou li, Etazini ap goumen pou *sela*, epi sa a ap goumen pou *sesi* ak *sesi* laba a, epi apre sa y ap rele nou “moun fou.” Jis chita trankil, ou posede l, kanmenm. Amèn. Tout moun ap fini pa eritye l, kanmenm, kifè kite yo fè tapaj epi detwi youn lòt. Se pou nou. Nou se sila yo ki posede l. Yo pa t ap janm menm panse a sa, men nou te fè sa, kanmenm. Fè l, kanmenm!

68 Kimoun ki t ap panse ke vyep ti mouche pòv sa a anwo la a, ak vyek ti twoupo tou mèt, ak zo ak po sou tèt ti mòn lan, te posede tout bagay la? Tout Palestin te pou li. Wi, mesye. Kidonk lè l te rive nan yon pwen kote konfwontasyon an te rive, Bondye te pwouve ke L te avè l. Li te pran ti ponyen moun sa e li t al laba a pou l te masakre yo chak, epi li te mennen tounen sa k te pou li yo. Amèn. Mwen renmen sa. Poukisa? Li te repoze fwa l sou Wòch promès Bondye a. Se sa ke sa pran. Li pa t bati yon lòt fondasyon, pou al rantre nan yon òganizasyon oswa jwenn yon bagay konsa. Li te repoze fwa l sou Pwomès sa a! Amèn. Se tou, sou Pwomès sa a, e apati de la li t ap vanse! Epe wouye ou pa, pa t fè okenn diferans pou li, li te gen fwa l tabli sou Pwomès la.

69 E lè w avanse pou yo priye pou ou, si w vle sali, si w vle gerizon Divin, pe enpòt sa l ye a, si w se yon kwayan, ou se yon eritye tout pwomès. Alò repoze fwa w sou pwomès la epi kontinye

avanse, epi di Satan, “Remèt sa! Remèt li! Se pa m.” Pa kite l blofe w. Kanpe drèt la sou liy lan, li va remèt li. Bondye te di li t ap fè l, kidonk li oblije fè l. Sa se otorite ke w genyen. Se vre, eritye tout bagay!

⁷⁰ Li te rete sou fondasyon sa a, Pawòl ki te pwomèt la, e li te gen yon eritye. Li te eritye a, kifè li te konn sa. Dakò, mesye, apre yo te fin konfime pwomès la pou li, li te kominyon fratènèl lè sa avèk Sila ki te fè Pwomès la (Mwen renmen sa) apre Bondye fin fè pwomès la. E apres, ou wè, Abraham pa t janm te gen yon tès anvan, kifè li . . . nan fason sa a. Kifè li te konnen ke tou sa se te pou li, e se te pwomès la, poutan li pa t janm oblije konbat yon lame. Li pa t konn anyen sou sa. Li—li pa t yon nonm ki te antrene pou gouden. Abraham pa t yon konbatan, li te yon fèmme. E Abraham pa t ka fè anyen, paske li—li pa t yon sòlda. Mesye l yo pa t sòlda, yo te fèmme. Kifè sèl bagay li te ka fè se te jis pran pwomès Bondye a, mete fwa l sou pwomès la epi deplase, al deyè l. Alò lè Abraham te wè sa, epi te resevwa pwomès sa a, ebyen li te dekouvri ke Bondye te konfime l pou li, ke Li vrèman kenbe pwomès Li . . . Amèn! Men li.

⁷¹ Si w potko janm resevwa Sentespri a ankò, ou pa konn anyen sou Sa, epi yon bagay nan kè w ap di w ke w vle Li, rete drèt la. Sa se Lavi Etènèl, se sa ke w eritye a. Rete drèt la, epi gade Satan drèt nan figi epi di, “Se Oumenm ki vòlò a, se oumenm menm! Mwen te vin pran posesyon sa Jezikri te mouri pou m te genyen, kounye a remèt li! Soti sou chemen m!”

⁷² Alò, premye bagay ou konnen, Sentespri a ap devide sou ou. Apres, yon bagay rive. Yon bagay ap rive. Kisa sa ye? Bondye te konfime ke Li kenbe Pawòl Li. Sa jis egzat. Alò, ou wè, kifè apre w fin wè Pawòl la konfime a oumenm, ke w sove, ou gen Sentespri a tout bon, alò se kisa? Abraham te ranpòte laviktwa, men li ki t ap tounen; li ta p desann, ak fwa li tabli sou Pawòl la ke l te ka mennen l tounen, sa l te pèdi a, e men li ki te retounen avè l, ap avanse nan mach viktwa a. Se menm bagay la ou ka fè. Si w pa gen Lavi Etènèl, mande Bondye. Konfese peche w yo, kwè nan Pitit Bondye a, aksepte batèm Sentespri a, epi di, “Bondye, mwen vini pou Sa, mwen isi a pou m resevwa L.” Apres ou retounen, ak mach viktwa a. Ou genyen L. Amèn. Jis ap briye, o la la, chan zwazo yo diferan, epi tout moun . . . Ou damou tout moun lè sa. Vye rayiman, malis, diskisyon sa yo disparèt. Renmen tout moun! O o, w ap jis pase yon bon moman, ap chante, ap rele, ap louwe Bondye. Pa fè ka de sa moun di sou ou. Se kòrèk. Sèten, nan mach viktwa a!

⁷³ Alò Kimoun ki te vin rankontre l? Kimoun ki te vin rankontre l? Mèlkisedèk. Mèlkisedèk te soti al rankontre l apre l te fin gen Pawòl li a konfime. Mèlkisedèk se Sila ki te ba l Pawòl la. Alò li te mete Pa- . . . fwa li nan Pawòl la, li te gen viktwa epi te retounen, lè sa a li te gen kominyon fratènèl. Amèn. Kounye a, oumenm,

tou. O, Pawòl Li pral vin yon bagay nouvo pou ou, nenpòt lè a on fwa ou resevwa batèm Sentespri a. O, la la!

⁷⁴ O o, ou di, “M pa ka wè bagay sa yo. Mwen pa kwè nan rele fò. Mwen pa kwè nan pale an lang. Mwen pa kwè nan gerizon Divin.” Sa jis montre ke w pa t janm gen viktwà. Se vre. Men yon fwa ou gen viktwà, alò ou genyen l. Lè sa ou genyen l. Wi, mesye, alò ou ka rele fò. mwen . . .

⁷⁵ Ou te wè yon fwa m te konn abitye panse osijè de danse nan Lespri, wè yon moun kanpe epi ap danse nan Lespri. Kounye a, m te wè yo moke sa ak imitasyon an, men m te wè bagay reyèl la, tou. Alò, m te fin pa wè, poukisa moun te ka danse nan Lespri? Ebyen, mwen pa janm wè youn ki kite chemen an ankò, mwen pa janm wè youn ki aji yon fason imoral. Mwen—mwen toujou wè l jis ak desans epi nan lòd epi nan dousè, e menm pechè yo kouri al devan lotèl la epi te sove lè sa ap fèt. Ebyen, m t ap mande poukisa sa te fèt, e m te vin reyalize ke se viktwà.

⁷⁶ David te danse devan Seyè a, lè yo te retounen Lach la nan plas repo Li. Amèn. Lè David te wè Pawòl la, jan L te ye lè sa a avèk tab wòch taye yo, ki te retounen nan vrè plas Li, David te rejwi epi t ap danse nan Lespri, ap vire anwon ankò e ankò. Poukisa? Li te wè Pawòl la tounen nan plas Li. Amèn.

⁷⁷ Sa Pawòl la bezwen, se pa soti nan kèk semèn, ak kèk melanj teyoloji; men yon predikatè a lansyenn mòd, ke Bondye voye dèye chè a, ak Pawòl la, ki wè Bondye konfime Sa, pwouve l.

⁷⁸ Alò David te di, “Glwa pou Bondye, se Sa!” Epi ap vire anwon ankò ankò e ankò. Ti madanm pretansyez li kanpe la a, antanke pitit fi wa a, te di, “Enben, li—li—li fè m jennen.”

⁷⁹ Epi David te reponn, “Ou pa renmen sa a? Gade sila!” E li te vire anwon ankò e ankò. Wi! O, la la, ala yon bon tan li te genyen!

⁸⁰ Ou konnen, Bondye nan Syèl la te gad anba, Li te di, “David, ou se yon nonm selon Pwòp kè Mwen.” Ou wè? Ou wè? Poukisa? Li te pèdi tout fyète, li te pèdi tout pa l la. Poutan li te marye ak pitit fi yon wa, men sa pa t menm gen enpòtan lè sa a. Li te konnen ke l te abitye ak Mèt Syèl ak tè a, e men Pawòl Bondye a ki t ap retounen drèt nan mitan yo ankò, e David te sitèlman kontan ke l t ap danse. Li te jis danse ak tout fòs li te kapab.

⁸¹ Miryam, te rale tanbourin lan epi l te desann bò rivaj la, ap danse sou lòtbò a. Apre manzè te fin travèse Lanmè Wouj la epi te wè lènmi l yo nwaye, alò li te ka danse nan Lespri. Lè l te wè lènmi yo ki te konn toumante l, mouri, alò li te danse nan Lespri. Se vre. Kounye a, ou wè, se te apre! Apre w fin gen batay la, alò glwa Bondye a desann.

⁸² Kounye a, nou jwenn ke L te rankontre l. E apre pwomès la te konfime, li—li te gen kominyon fratènèl. Mèlkisedèk te soti pou beni Abraham, e Li te di, “Benediksyon pou Abraham, e benediksyon pou Bondye Abraham lan, Mèt Syèl ak tè a.”

⁸³ Oo, la la, ala m renmen sa, pwomès kwayan an! Ou di, “Kisa sa gen pou wè avèk nou?” Se pou chak kwayan! Pwomès kwayan an se Lavi Etènèl. Pwomès kwayan an se Lavi, lajwa, lapè, pasyans, jantiyès, pasyans, fwi Lespri, gerizon Divin, yon douzèn bagay ke m te ekri la, prèske, sa se posesyon w. Se pou ou, men ou pa ka genyen l jiskaske w gouden pou li. Se pa w. Tout bagay ki vizib, tout bagay tanporè ki vizib, se pou mwen. Bondye ban mwen l, paske atravè Kris Li te ban mwen l. E bagay ki envizib yo se pou mwen. Amèn. Mwen renmen sa! Sa w ka wè, tankou gerizon Divin, elatriye, bagay konsa, se bon, nou apresye sa; e envizib la menm!

⁸⁴ Kounye a, lasyans ka fè rechèch la pou di, “Ebyen, ann wè, kite m pran nonm sa a. Ou di li te geri, kite m mennen l anba pou egzamine l. Kite m wè sa k te pase. E ou di ke w te gen yon timè yon fwa, mesye?”

“Wi, drèt la a.”

⁸⁵ “Ebyen, kite m fè yon rechèch syantifik pou wè si li pa t jis antre pi fon san l pa t pati. Ou di ou te avèk yon fwa e kounye a ou wè. Kouman pou m fè konnen? Kite m gade syantifikman pou wè sa.”

⁸⁶ Kounye a, yo te ka fè pwogrè sou sa, men poutan mwen—mwen eritye sa, tou, tout bagay fizik. E apres a mwen se eritye tou de bagay ki pa vizib, kote lasyans pa ka rive. Amèn. Amèn. Bagay envizib yo, amèn, mwen eritye sa. Wi, mesye. Bagay ki vizib, mwen eritye yo. Vrè tè sa a, mwen se yon eritye, ou se yon eritye. Chak kwayan se yon eritye, li eritye l. Dakò, e envizib la menm! Mèt kisa? Syèl ak tè a. Amèn. Tout bagay! Ou kwè sa?

⁸⁷ Ou di, “Frè Branham, e la kote w pa ka wè a? Kouman w fè konnen?” Li toujou pou mwen. Se vre. Syèl la se pou mwen. M kontan ke se pou mwen, Bondye te di sa. E se vre. “Ebyen, ou pa janm wè l, kouman w fè konnen li la?” Mwen konnen li la, kanmenm, Bondye di sa. “Kouman w fè konnen ou eritye l, alòske ou pa t janm wè l?” Mwen kwè Pawòl Li. Amèn. Ou wè? Mwen se yon eritye, ou se yon eritye avè m, nou tout eritye ansanm atravè Kris Jezi.

⁸⁸ Èske w te remake la nan Korentyen la, nan 2 Korentyen, Pòl te di, menm lanmò, nou posede lanmò. Panse a sa. Posede lanmò? Wi, mesye, sa nan panse nou. Amèn. Ebyen, glwa! Mwen te bliye eksplozyon zam sa kounye a, ou wè. Poukisa li pa t touye m? Paske li pa t kapab. Se poutèt sa. Bondye pa t pare. Li te ka vini otan ke l vle, men li pa ka pran w. Amèn. Glwa! Mwen te peye dèt mwen pou sa sa fè lontan lè m te kwè nan Jezikri Ki vivan pou tout tan. Kounye a lanmò ap koute sa n ap di. Amèn.

Ou di, “Yon moun ki posede lanmò?”

⁸⁹ Se sa Pòl te di la nan Korentyen. Lanmò, limenm, nou posede l. Enben, lè yo t ap pare pou koupe tèt li, li te di, “O, lanmò, kote zegwi w lan? Kote pikan w lan? Montre m ki kote w ka fè m pè.”

90 Lanmò te di, “M ap prije w epi mete w nan tonm lan, epi w ap pouri epi w ap gangrennen.”

91 Li te di, “Men, oo, remèsiman pou Bondye,” [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] “Limennm ki ban nou viktwa a atravè Jezikri, Seyè nou an.” Wi, mesye. Lanmò, lanfè, ak tonbo, mwen posede yo tout, paske Li te konkeri yo tout pou nou. Pwopriyetè a!

92 Jis tankou Jozye ak Kalèb ki te retounen ak prèv yon peyi envizib ke yo te bay moun yo pa yon pwomès. Jozye ak Kalèb te retounen ak yon prèv ke te gen yon peyi konsa. Kounye a, anba isit la yo te gen pwomès sa a. Bondye te ba yo pwomès la, e yo te vin drèt nan peyi a, men yo pa t janm wè l, epi Jozye ak Kalèb t al nan latè pwomiz epi te mennen tounen prèv ke peyi a te la e se te yon bon kote, lèt ak siwo myèl t ap koule la. Amèn! Kisa sa te ye? Yo ta pral posede peyi sa. Yo te gen pwomès la. Yo te sou wout yo lòtò a, e yo te prèske rive jwenn Jouden an. e Jozye te travèse epi li te retounen ak prèv ke se te yon bon peyi.

93 Jis sa Jozye te fè pou timoun Izrayèl yo (*Jozye vle di “Sovè,” mo Jozye a*), se menm bagay la Jezi te fè pou Legliz lè yo te touye L. Li te konkeri lanmò. Li te konkeri lanfè. Li te konkeri tonbo. E Li te resisite ak prèv la, batèm Sentespri an, ke gen yon Peyi byen lwen rivyè a, ke yo rele dousè pou tout tan an. Amèn. Li te retounen epi li te vin ak yon prèv pou nou. Kisa Sa fè, Frè Branham? Li fè w sispann bay manti, vòlè, bwè, madichonnen, vin imoral, tout bagay. Li fè w vin yon nouvo kreyati. Mwen menm ki te mouri yon fwa nan peche ak transgresyon, malgretou mwen vivan, pa mwenmenm men Kris k ap viv nan mwen. Mwen se yon nouvo kreyati nan Kris Jezi, amèn, eritye pwomès la. Alélouya! Wi, mesye. Peyi sa a se pou nou. Kouman w fè konnen sa? Jozye te leve soti vivan nan lanmò, te retounen ak prèv la, Sentespri a. Mwen genyen L. Amèn. Fyouw! Glwa! Mwen se yon eritye. Oo, yon pitit Wa a, yon pitit Wa a, eritye tout bagay! Bib la di sa. Menm Bondye a—menm Bondye ki te bay Izrayèl yon pwomès pou latè pwomiz sa a (se te yon bagay envizib pou yo), menm Bib sa a, menm Bondye sa a te ban nou yon pwomès Lavi Etenèl, e Sentespri a rann temwayaj de sa. Kris vivan, pa mouri. L ap viv la a menm nan mitan nou, ap viv nan nou, atravè nou, ap travay toutotou nou. Amèn.

94 Se Li ki te chita sou ban sa a anba la lòt jou a lè Satan te sezi yon chans pou touye m, men li pa t ka fè l. Amèn. E li p ap janm fè l jiskaske Kris di se kòrèk. Amèn. Pe enpòt kantite fwa li vini, l ap retounen ak men l vid jiskaske Kris bay lòd. Amèn. Yon pwomès, Bondye te pwomèt sa. Se Pawòl Bondye a ki pwomèt sa, e nou kwè l paske nou se eritye.

95 Mwen se yon eritye gerizon Divin. Mwen se yon eritye lajwa, mwen gen dwa pou m kontan. “Kisa k fè w kontan konsa?” Mwen gen dwa pou m kontan. “Kouman w fè konnen?” Paske mwen se yon eritye sa. Amèn! Fyouw! Kounye a mwen santi m wenn. Wi.

Mwen se yon eritye rejwisans. Mwen se yon eritye lajwa. Mwen se yon eritye lapè. Mwen se yon eritye Lavi Etènèl. Mwen se yon eritye Sentespri a. Amèn. Mwen se yon eritye tout prèv ke L genyen. Amèn. Mwen se yon eritye otorite Bondye a. Amèn. “Kimoun ki rann ou konsa?” Se pa mwen; Li te fè l. Nou chak se eritye menm bagay la.

⁹⁶ Yon eritye pou yon twòn! “Sila ki va venk lan va chita avèk Mwen sou Twòn Mwen an, menm jan mwen te venk lan epi m te chita sou Twòn Papa M lan.” Amèn, yon eritye tout bagay! Pa jis yon sèl bagay; tout bagay! Tout bagay anba pye w. Menm lanmò anba pye w, tonbo anba pye w, lanfè anba pye w, peche anba pye w, tout bagay anba pye w. Ou se yon eritye! Ou . . . Ou mouri, e vi w kache nan Bondye atravè Jezikri, epi ou leve resisite pou Lavi Etènèl, epi w chita nan lye Selès nan Kris Jezi. O, la la! Fyouw! Rele nou nenpòt sa w vle a, rele nou sa w vle a, di nou se moun fou si w vle, men nou se eritye. Eritye kisa? Tout bagay.

⁹⁷ “Èske w se yon eritye Branham Tabènak la?” Non, mwen se yon eritye tout bagay. Alafwa vizib, prezan, fiti, de tout bagay, mwen se eritye sa.

⁹⁸ E tout peche ak mechanste te plase anba pye m, grasa Jezikri. Li te leve nan maten Pak la, te triyonfe sou lanmò, lanfè ak tonbo, epi li te fè m yon eritye, epi te di, “Ret tann laba a epi m ap ba w pwomès la.” E sèvitè wenn ak otorite L la te di, “Pwomès la se pou noumenm ak pitit nou yo, pou sa yo ki byen lwen, menm pou tout moun Seyè Bondye nou an va rele.” Mwen se yon eritye. Amèn. Amèn. Jezi te pwouve nou sa, lè rezirèksyon L lan. O, la la.

⁹⁹ Lè nou te antre nan chan batay la ant lanmò e Lavi! “Mwen se yon pechè, Frè Branham.” Ou pa oblije youn. Ou se yon pechè paske ou vle vin youn. Ou pa oblije. Dèt la deja peye.

¹⁰⁰ “Frè Branham, m swete m te gen lajwa.” Ou ka genyen l. Ou jis ap kite Satan vòlè nan privilèj ke Kris te mouri pou wou yo. Mwen se yon eritye sa. Tout sa se pa m. Tout sa L te mouri pou yo a, se pou mwen, se pou wou. Nou se pitit Li, nou se eritye sa, tout bagay Li te mouri pou yo a.

¹⁰¹ Kounye a, lè w antre nan chan batay sa a, “O o, pa gen okenn bagay konsa tankou batèm Sentespri a. Ou konnen, ou—ou—ou pral konpòte w dwòl. E pral gen yon bagay, pral gen yon bagay diferan.” Mwen pa fè ka ki diferans sa fè, mwen se yon eritye. Sa se Lavi, e m ap vin chache L. Se vre.

¹⁰² Se sa ki ta dwe motif chak pechè. “M ap vin resevwa Li sou baz Sentespri a ki isi a kounye a e ki ap di m pou m vin resevwa L. Se pa m. Mwen p ap janm leve jouk mwen resevwa L. Mwen p ap yon fanatik. Mwen pral rete isi a menm, mwen pa bezwen konnen jan nenpòt bagay prale. M p ap janm sispann priye jouk Ou ban m Sentespri a, Seyè, e m konnen W ap fè sa kounye a

menm. Si gen yon bagay ki mal nan vi m, di m sa l ye epi m ap fè l. Kisa sa ye, Seyè, m pral met sa annòd.”

¹⁰³ Si Bondye pa revele anyen, di, “Alò, Satan, se pou Sa m vini. Ou pa ka kanpe la a ankò, soti sou wout mwen!”

¹⁰⁴ Men ni, eritye tout bagay. Eritye Lavi Etènèl. Eritye gerizon Divin.

O o, eritye sali, ke Bondye te achte,
Ne ak Lespri L, lave nan San L.

Sa se istwa pa m, sa se chan pa m,
Lwanj pou Sovè mwen tout lajounen.

Soumisyon pafè, tout bagay nan repo,
Mwenmen nan Sovè m lan m kontan epi m beni;
Ap siveye epi ap tann, epi ap gade anlè
Ranpli ak bonte ak lanmou Li.

Alélouya! Men ni. Sa se istwa pa m, e sa se chan pa m. Mwen se yon eritye sali a. Kisa sali a ye? Yon bagay ke yo ba wou. Se yon kado. Mwen se eritye sali a. Ki kalite? Pou Lavi Etènèl. Sali pou nanm mwen, sali pou kò m, sali pou traka mwen, sali pou tout bagay. Bondye te fè m eritye tout bagay atravè Kris, e Li te mouri, resisite, epi te retounen pou pote prèv la, epi te devèsè L sou nou. O, la la! Glwa! O, la la!

¹⁰⁵ Kounye a, ou monte la, kisa w fè? Lè w ale jis tankou Abraham te fè, ou monte la avèk pwomès sa a. “Bondye, Ou te di m se pa m. Mwen te gen lafwa nan pwomès Ou a. M ap vin ak Pawòl Ou a. Ou te pwomèt sa. Ou te di, ‘Mande, e ou va resevwa. Chache, ou va jwenn. Mande, yo va ba wou. Frape, yo va louvri.’ Men mwen, Seyè. Mwen isi a. M ap frape, m ap chache, m ap mande. Mwen dwe resevwa L.” Men ni. Yon bagay ap rive lè sa, o o, lè w aplike Pawòl sa a.

¹⁰⁶ Gade sa Satan te fè lè Jezi te aplike Pawòl la sou li. “E li ekri tou. . .” Li te sote byen lwen Kab sa a, jan m te di yè swa a. Wi, mesye. Alò sa k rive, apre w fin venk? Kijan w arive venk? Èske w ka janm fè l poukont ou? Non. Yon moun t al devan w e li te venk pou wou. Se Kris. Mwen se jis yon eritye. Mwen pa oblije fè anyen. Mwen se yon eritye pwomès la. Sèl bagay m dwe genyen, se mete fwa m nan pwomès Li. Èske w sezi l?

¹⁰⁷ “Frè Branham, èske w diy de sa?” Non. “Ou panse mwen diy?” Non. “Èske w panse Evèk la diy?” Non. “Èske janm gen yon nonm ki diy?” Non. “Ebyen, poukisa?” Ou se yon eritye.

¹⁰⁸ Si w te pi gwo tafyatè nan mond lan, epi papa w te kite yon milyon dola pou wou, ke w diy ou pa, se—se—se eritaj li, ou se eritye byen papa w. Kèlkeswa sa l te kite pou wou, se pa w ke w diy ou pa. Li te kite l pou wou. Amèn.

¹⁰⁹ Mwen te yon pechè, men mwen se eritye. Mwen pa t bon, potko bon, men malgres mwen se yon eritye. Mwen ta dwe mouri pou al nan lanfè, men mwen se yon eritye. Mwen se yon eritye

kisa? Lavi Etènèl. “Kijan w fè konnen ou pral resevwa L?” Mwen te santi L. Sentespri a te pote L. Jezi te leve soti vivan nan lanmò pou L te ka vini. E kounye a Sa vini, e Sa rann temwayaj epi konfime jis egzaktman sa L te di Li t ap fè a. Mwen pase de lanmò a Lavi. Mwen vin, yon nouvo kreyati nan Kris Jezi. Alò mwen se eritye. Wi, mesye. Kounye a mwen nan mach mwen. Amèn. Bagay yo masakre. Kisa k rive ak tout bagay mechan m te fè yo? Jis tankou Miryam te fè a. Gade dèyè la a, men yo, mouri, antere nan lanmò pou bliye a, nan Liv Bondye a gwo Liv nan Syèl la. Sa te fini. Yo te fin met non m nan Liv sa a, epi te sele l, epi te lage l nan lanmò pou bliye a, e yon nouvo Liv, ak yon nouvo non ki ekri nan Laglwa. E se pa m. Ya. Kounye a nou se eritye tout bagay, lè sa a.

¹¹⁰ Alò se tankou lè Abraham, kisa Bondye te di l? “Peyi sa se pou wou. Sa k nan sa a se pou wou. Gade nan lès, nan nò, nan lwès, ak nan sid, tout se pou wou, tout bagay ki la. Mwen vle w vin rete nan yon peyi etranje, e mwen pral fè w eritye peyi sa. M ap ba w sa, pou oumenm ak semans ou, k ap vin apre w pou tout tan.” Kounye a, Abraham, sèl bagay li te dwe fè se te mete fwa li nan pwomès sa a, ramase epe l epi met deyò. Lè moman enpòtan an te rive, li te desann anba a epi Bondye te mennen batay li a. E lè l t ap mennen konba a, li te masakre wa yo.

¹¹¹ Epi men li k ap retounen, amèn, tout bagay fini kounye a. Frè, li te ka rele fò. Ap tandè tout jenn gason yo k ap rele fò epi k ap bay Seyè a glwa! Men Abraham k ap vini, e Kimoun ki te vin rankontre l? Mèlkisedèk, Wa Salèm lan. Epi gade kisa yo te fè. Apre batay la te fini, yo te ka chita pou pran pen ak diven. Wa a te pote pen ak diven. Poukisa L te fè sa avè l? Apre batay la te fini, apre viktwa a te fin ranpòte, alò yo te ka chita pou pran kominyon ansanm, pale youn ak lòt epi manje kominyon an ansanm. O o, se sa Bondye vle pitit Li yo fè aswè a.

¹¹² “Alò e oumenm, Frè Branham? E Legliz sa a w ap pale avè l la?” Nou se semans Abraham, yo se Semans Wayal Abraham. Nou se semans Abraham, atravè pwomès la, atravè Kris Jezi nou vin semans Abraham epi eritye avè l dapre pwomès la. Alò si Abraham te yon eritye, mwen se eritye. Mwen se yon eritye avèk Abraham, epi oumenm tou. E kouman sa te fè rive? Atravè Semans Wayal Abraham lan, ki te Kris Jezi, Sila yo te pwomèt la, pa lafwa. Abraham te resevwa yon pitit gason, tankou youn ki te soti pami mò yo. E nou te resevwa yon pitit Gason ki pa t menm yon pitit gason, e pa t gen okenn fason pou rive la, e Bondye te kreye L e te voye L pou nou. E Li te vini epi te peye pri pou peche nou yo, e atravè lanmò Li mwen te vin yon eritye. O o, la la. Men ni. E tout mechanste dyab la se bagay pase. Louwanj pou Bondye!

¹¹³ Venk! Konbyen moun ki venk, aswè a? Kite nou wè men w, “Ak gras Bondye mwen te venk.” Louwanj pou Bondye. Ou konn kisa m panse nou ta dwe fè kounye a? Mwen jis fèk kòmanse drèt

la pou kenbe w mwatye nwit lan. Annou jis gen yon bon sèvis konsekrasyon, konsakre vi nou ankò bay Bondye. Konbyen moun ki gen anvi fè sa? O o, m gen plis ke youn la, m te leve toude menm yo, ak kè m, tou. Mwen vle vi m pale pou Kris. Mwen vle konsakre tèt mwen ankò bay Kris. Mwen vle ke volonte L fèt, ke volonte pa m pase dèyè, epi—epi volonte pa L fèt tout bon. Mwen vle gen mach venkè a. Pa paske se mwen; paske mwen konnen ke Levanjil Li te preche a ap souffri jodi a sou kont dògm denominasyon lòm fè ak tout lòt bagay. Gwo viktwa nou ta dwe genyen te retni pa lènmi an. Bondye, kite m rale Epe sa, kite L fè etensèl ap briye, pou mache annavan. Ke volonte pa m pase dèyè, epi Pawòl Li pase devan konsa, yon Epe byen file de bò k ap fè yon chemen.

114 Annou leve kanpe sou pye nou kounye a pou konsakre tèt nou ankò. Chak moun nan nan pwòp fason pa w, konsakre tèt ou bay Seyè a. Annou leve men nou kounye a bay Bondye, chak moun.

115 Papa nou ki nan Syèl la, aswè a n ap konsakre tèt nou ba Ou nan pi bon fason ke nou konnen. Nou konnen ke nou se eritye tout bagay. Ou te pwomèt li, Seyè Jezi, e nou kwè l. Kounye a, nou p ap janm kapab fè l sòf si Oumenm, Seyè . . . sòf si noumenm nou mete fwa nou nan pwomès Ou. Kounye a, Ou di, nan Bib la, “Sila ki manje Chè M e ki bwè San M gen Lavi ki p ap janm fini an, epi li p ap pase pa jijman, men li pase . . . li pase de lanmò a Lavi. Sila ki manje Chè M epi ki bwè San M gen Lavi Etènèl, e Mwen va resisite l nan dènye jou a.” Sa se pwomès la. Se sa W di. Se sa nou kwè.

116 Epi, Seyè Bondye, O Sentespri, aji sou nou. O, aji, Bondye! Aji, O Seyè, nan nou. Espri Bondye vivan an, resevwa nou, Seyè. Nan Non Kris resevwa nou. Netwaye m, ban m fòm m, fasonnenm m, O Bondye, vin yon imaj Pitit Bondye a. Pran m, Seyè, mwen se pa W. Mwen ba W legliz sa a. Mwen ba W chak nanm isi a, ak nanm pa m, Seyè. Kounye a fòme nou epi fasonnen nou, e pèmèt nou bliye kote mekanste peche nou yo, pou konnen ke osi lontan nou plase fwa nou—nou, kèlkeswa fwa nou genyen an, nan Pawòl pwomès Ou, W ap fè nou pase de viktwa an viktwa. Ou te pwomèt li.

117 Satan pa ka nwi nou, Seyè. Li ka fè tout sa l kapab, men li pa ka touche nou. Lè W te lage l dèyè Jòb yon fwa, Ou te di, “Piga w pran lavi l.” Li te fè tout bagay sof pran l. Men li pa t ka fè l, paske pwomès Ou te toujou la pou Jòb.

118 Epi, Bondye, Ou toujou menm Bondye a jodi a. Ou pwoteje sa k pou Ou yo. Nou konnen se Laverite, e nou konsakre tèt nou ankò. Lave nanm ki gen peche nou yo, Seyè, pandan n ap konfese fwa nou. Epi, Jezikri, resevwa nou. E lè n ap kòmanse pran Soupe Seyè sa, Bondye, pou kominye avèk nou nan kè nou. Di nou kounye a ki kote nou gen tò. Montre nou kote foste nou yo ye, Seyè. Nou repanti pou sa avèk imilite. Avèk imilite, mwen

depoze tout peche m yo sou lotèl la, Seyè. Avèk imilite, mwen mete m sou Pawòl Ou, Seyè, e nan mizerikòd Ou.

¹¹⁹ Men mwen, Seyè, fè avè m jan W jije bon. Sa se kri legliz sa, Seyè: “Fè avèk nou jan W jije bon.” Mwen ka sèlman pale pou—pou pwòp tèt mwen, Seyè, men mwen kwè nan kè yo yo kwè menm bagay la. Fè avèk nou jan W jije bon. Nou kwè. Nou vle vin eritye, e nou konnen nou se eritye toutotan nou rete nan Kris Jezi. Nou se eritye avè L devan Twòn lan.

¹²⁰ Kounye a rete avèk nou. Geri maladi ki nan mitan nou, Seyè. Si gen yon kò ki malad isi a aswè a, touche l, geri l, fè l vin byen. Akòde l, Seyè. Si gen yon nanm malad, ke l geri kounye a. Pèmèt nanm enfim sa a vin dwat. Ke jenou fèb sa yo ki pandye epi men fèb sa yo leve pou ap glorifye epi pouse kri bay Bondye. Ke chemen kwochi yo vin dwat. Ke gen yon gran wout nan dezè a pou Bondye nou an.

¹²¹ Seyè, nou kwè W ap vini byento, kifè kite nou kleronnen Pawòl Ou a, Seyè, epi fè yon gran wout nan dezè a, kote ki kwochi yo vin dwat, pou Seyè nou an. Annou detwi tout rasin denominasyon. Annou detwi tout rasin amètım, detwi tout malis, tout jalouzi ak diskisyon, pou vrè Pawòl Bondye a ka koule tankou rivyè lajwa. Akòde l, Papa. Nou remèt nou a Oumenm kounye a jis anvan nou pran Soupe Seyè a. Nan Non Jezikri. Amèn.

¹²² Pandan ke . . . Sè Spencer vle lapriye pou kò li. [Sè Spencer ap pale ak Frè Branham—Editè a.] Bondye beni w, Sè Spencer.

Papa nou ki nan Syèl la, vyek pòv fanm sen sa, ak sila ki chita a. Ou wè se yon fanm ki enfim. “Èske pitit fi Abraham sa pa ta dwe delivre jou Saba a?” E kounye a petèt pi fò nan zanmi l yo, Seyè, ansyen zanmi ke li te konn amize yo, minis sa yo, alòske yo te konn chita lakay li, yo tout te mouri, anpil nan yo, yo te pran gran wout ki mennen nan Syèl la. Li rete poukont li, Seyè, kòm yon temwayaj. Pa gen pèsonn kounye a, jis timoun li yo, e petèt yon zanmi pasi pala, Seyè, yon fanmi de tanzantan. Men manzè kanpe pou kont li tankou yon gwo forè ki te ravaje, ak yon sèl pyebwa ki rete. Bondye, mwen priye ke W va gade anba ak mizèrikòd, Seyè, pou l ka anrasinen pi fon. Epi kanpe sou ti mòn Kalvè a, Seyè, anrasine epi ankre nan Lafwa Kris la. Mwen poze men m sou presye dam aje sa epi kondane ne sa ki anba lang li an, pou l kite l e pou l vin byen. Nan Non Jezikri. Amèn. Bondye beni w. Mèsi, Sè Spencer. Sa ap fèt. Jis pa doute sa yon ti kras. Dakò.

Fwa mwen ap gade Ou,
Oumenm Ayo Kalvè,
Sovè Diven;
Koute m tan m ap priye,
Efase tout peche m,
Pa kite m janm ale

Lwen bò kote W.

Koute, chante avè m kounye a.

Pandan m nan labirent nwa a,
Chagren gaye toutotou m,
Ke W vin Gid mwen;
Ke fènwa tounen jou,
Siye tout dlo tristès,
O pèmèt jodi sa a
Mwen vin pa W nèt!

¹²³ Depi fon kè w kounye a, Bondye sèl ki konn sa, nan fon kè w, èske w vrèman serye, “Pèmèt jodi sa a, Seyè, mwen vin pa W nèt”? Annou chante dènye pati sa a ankò.

Pa kite m janm ale
Lwen bò kote W.

¹²⁴ Kounye a nou tout ansanm. Gran Bèje twoupo a, Ou te anseye nou ke nou ta dwe priye konsa:

Papa nou Ki nan Syèl la, Se pou Non Ou
Sanktifye.
Ke Wayòm Ou an vini. Se pou volonte W fèt sou
tè a, jan l ye nan Syèl la.
Ban nou jodi a pen pou chak jou.
E padone nou pou fot nou yo, menm jan nou
padone sa yo ki fè nou mal.
Epi pa kite nou tonbe nan tantasyon, men
delivre nou anba sa ki mal; paske Wayòm lan
se pou Ou, ak pouvwa a, ak glwa a, pou tout
tan. Amèn.

¹²⁵ Ou mèt chita. Yo mande m priye pou pitit Sè Shepherd’s la. Sa jis vin nan lespri m ke yo te rele sa fè yon ti moman pou priye pou timoun lan, e mwen te priye pou sa. M te gen yon entèvyou pou yon rankont drèt la, konsa m pa t ka al nan kay la. Men yo te di ke ti fi a te malad e li te gen yon lafyèv, epi yon ti jan rèd, ki san dout se jis yon viris k ap sikile. Ou konn sa. Pafwa misk yo ap tire nan yon tèl fason ke w dwe travay yo ale vini ak men yo, tankou Madam. Haley ak anpil moun anba isit la. Se yon viris k ap sikile toupatou. Epi manzè. . .yo te ofri priyè. E m te di si ti bebe a pa t fè mye a nevè oswa lè nou fini sèvis la, pou rele isi a epi nou t ap pase; si ti bebe a te fè mye, se t ap oke. Kidonk annou jis avèk imilite kounye a, anvan nou pran kominyon an, priye pou timoun sa a.

¹²⁶ Seyè Jezi, ti bebe sa, mwen pa konn ki laj li genyen oswa anyen menm, men se youn nan disip byenneme nou yo isit la, Seyè, youn nan kwayan nou yo. Se pitit pa yo, Sè Sheperd ak Frè Sheperd, yon ti bijou ke W te ba yo, Seyè. Nou priye ke W va veye sou li, epi beni l ak pwoteje l, epi geri l pou l ale mye. Nou reklame l kounye a menm. Apre mesaj sa, nou reklame sa. Nou reklame l pou glwa Bondye, dapre Pawòl Li. Nan Non Jezikri, ke

maladi a libere timoun sa a. E ke timoun lan geri epi ale mye, pou glwa Bondye. Kounye a sa te pwononse, kounye a ke sa fèt. Amèn. Èske w kwè?

Si nou gen konfyans epi nou pa janm doute, Li
va sekouri w sèten;

Pote chay ou bay Seyè a epi kite yo la.

Kite yo la, o o, kite yo la,

Pote chay ou bay Seyè a epi kite yo la;

Si w fè konfyans epi w pa janm doute, Li va
sekouri w sèten;

Pote chay ou bay Seyè a epi kite yo la. (Se tout
sa pou w fè.)

Si kò w plen ak doulè epi ou pa ka reprann
sante w,

Jis sonje ke Bondye nan Syèl la reponn priyè;

Kounye a, Jezi konn doulè w santi a, Li ka sove
e Li ka geri;

Pote chay ou bay Seyè a epi bliye l.

¹²⁷ Kounye a annou jis bay youn lòt lanmen pandan n ap chante
dènye koupè sa.

Kite l la, (Fratènite, ou konnen, kominyon.)

kite l la, (Lwanj pou Seyè a!)

Pote chay ou bay Seyè a epi kite l la;

Si nou gen konfyans epi pa janm doute, L ap
sekouri w sèten;

Pote chay ou bay Seyè a epi kite l la.

¹²⁸ O o, èske Li pa mèveye? Bon, kounye a avèk konfèsyon nou,
kwayans nou, konfèsyon peche nou yo, nou kwè ke tout peche
nou yo nan lanmè bliye a. Sila ki va konfese peche l yo, Bondye
jis dwe bliye yo. Ou wè? Yo nan—lanmè San Jezikri a, pou pa
janm sonje yo ankò. Konbyen nan noumenm medam yo ki konn
kisa klowòks ye? Nou tout. Bon, annou jis pran yon gwo tonton
basen ranpli ak Klowòks, sa se yon dekoloran, yon gwo tonton
basen, plen ak Klowòks. E apres a ou pral pran yon ti konngout,
epi ou mete yon gout lank nwa nan konngout sa a, sa se peche
w yo. Kanpe dwat devan basen an, epi peze l lage desann, epi
gade nan basen an pou jwenn li. Kisa k te rive l? Kisa k te rive
ak lank lan? Lè l te kontre ak klowòks sa a, sa te tèlman pwisan
ke l te jis retire koloran an nan li, li pa t ka janm egziste ankò.
Kisa sa ye? Se fini, li pèdi etènèlman. Kisa sa ye? Lank lan—lank
lan limenm tounen Klowòks. Sa se San Jezikri pou chak peche ki
konfese. Kisa sa ye? Sa bliye, sa regle, sa fini, sa efase, sa divòse,
sa mete de kote. Sa pap janm ka retni kont ou ankò.

¹²⁹ [Yon sè ap pale ak Frè Branham—Editè a.] Èske yon moun
rele non m, yon kote. [Sè a temwaye ke li jis geri.] Ebyen, louwanj
pou Seyè a! Li toujou ap viv! Remèsye Seyè a. Nou di Seyè a mèsi.
O Bondye, konbyen nou louwe W pou bonte W. Wi, yon ti nanm

enb dèyè la te touche, Seyè a te touche l. Trè byen. Li se Souvren Sakrifikatè ki ka touche pa santiman enfimite nou yo.

¹³⁰ Sonje, chak Pawòl se yon Ank, ki fèm e sèten. Pa gen . . . Ou wè? Jis repoze fwa w drèt sou Sa epi pa bouje, jis rete la. Bon, ou pa ka depoze l la epi tounen ranmase l pou di, “M ap eseye l ankò.” Depoze l la. Rete drèt la avè l. Wi, mesye. Tankou Abèl te fè, mouri pou pwòp panse w yo. Jis di, “Bondye, se Pawòl Ou, se pa sa m panse. Se Pawòl Ou. Men li.” Epi Abèl te mouri sou Woche a. Epi, pou sa, L ap jis touche l tankou Li te fè pou sè a la. Sa jis tèlman senp.

¹³¹ Nou eseye fè l. . . Non pa noumenm. Satan ap eseye rann sa tèlman konplike, ou konnen, ap di, “O o, ou konnen, se te pou yon tan ki pase,” ak tout bagay sa yo. Sa se jis enkwayan yo.

¹³² Men pou noumenm ki kwè, Li presye. Bon sa pa t otorize, se vre; men Li se yon Pyè presye k ap vin jwenn yon Pyè vivan, yon Pyè pesye, Pyè Angilè a. O, la la. O o, sila ki touche Pyè sa a te geri! Se tou. Amèn.

¹³³ Kounye a, èske nou pa rekonesan anvè Seyè a? M jis kontan, mwen tèlman kontan ke Seyè a se Bondye. Amèn. M si tèlman kontan ke L se yon Papa ki gen latandrès, ranpli ak mizerikòd, ki onore Pawòl Li, ap kenbe Alyans Li, ki pa janm bliye Sa. Li kenbe Alyans Li. Li oblije, Li se Bondye, Li te fè L. Li se Fontèn tout Verite. Ou wè? Pa ka gen okenn lòt bagay ke Laverite san modifikasyon tout tan. Chak Pawòl Li pwononse enfayib. E sa se Pawòl Li. E, O Bondye, ke fwa m enfayib nan Sa, amèn, alò sa ka vin enfayib menm jan Pawòl la enfayib, alò Pawòl la nan jan de fwa sa a va pwodui nenpòt bagay ke Pawòl la di L ap fè. Amèn. Kifè, pirifye m, Seyè. Mete m aleprè, pirifye m, geri m, pwoteje m, beni m, epi ban m mizèrikòd Ou, se priyè m bay Bondye. Amèn.

¹³⁴ Kounye a, m pral li yon pòsyon nan Pawòl la la, ki nan 1 Korentyen, chapit 11, vèsè 23.

Paske mwen te resevwa nan men Seyè a sa ke m tou ap anseye nou an, Sè ke Seyè Jezi a menm sware a . . . ke yo te trayi L la te pran pen:

Epi lè L te fin di Bondye mès, li te kase l, epi li te di, Pran, epi manje: sa a se kò m, ki brize pou nou: fè sa a pou sonje mwen.

Menm jan an li te pran . . . li te pran koup la tou, epi lè li t ap soupe a, li te di, Sa a se koup nouvo testaman an nan san mwen: ke sa a nan nou, chak fwa nou bwè l, pou sonje mwen.

Paske chak fwa nou manje pen sa a, epi bwè koup sa a, nou fè konnen lanmò Seyè a jouk li vini.

Se poutèt sa nenpòt moun ki manje pen sa a, epi bwè koup Seyè a a, san diyite, va koupab de san an, kò a ak san Seyè a.

Men kite yon nonm egzamine tèt li, e konsa kite l manje nan pen an, epi bwè nan koup la.

Paske sila ki manje epi bwè san diyite, manje epi bwè kondanasyon pou tèt li, san disène kò Seyè a.

Pou rezon sa a anpil malad epi fèb nan mitan nou, . . . anpil andòmi.

Paske si nou ta dwe jije tèt nou, nou pa ta dwe jije.

Men lè yo jije nou, Seyè a korije nou, pou nou pa ta dwe kondane ansanm ak mond lan.

Se poutèt sa, frè m yo, lè nou reyini ansanm pou manje, pran yon ti tan youn ak lòt, uh, pran yon ti tan youn pou lòt.

¹³⁵ Kounye a pèmèt mwen di sa. Jezi te ban nou kòmandman sa anvan L te pati ale pou lanmò Li, konsyan ke Li ta pral la. Disip yo te toujou ap mande de kisa L t ap pale, lè yo te ekri sa. Men Li te di, “Koup sa a se Nouvo Testaman San pa M nan. Fè sa osi souvan ke w ap manje l epi bwè l, w ap anonse lanmò M jouk mwen vini.” O o, Pawòl presye sa yo!

¹³⁶ San dout disip yo t ap mande, “Kisa L vle di pa, ‘anonse lanmò Li’? Kouman nou ka fè sa?” Men la a tout yon mistè pou yo, men pa pou Li. Li te Bondye. Li te konnen sa L te dwe fè. “Anonse . . .” Alò Li te di, “Lè nou reyini ansanm pou manje . . .”

¹³⁷ Kounye a, “Sila ki manje epi bwè, san ke l pa diy,” li vin isi a epi deklare l se yon Kreyen, pran kò Seyè a, epi apres a soti pou viv ak mond lan epi—epi nye Kris ak pwisans Li, ak bagay konsa, ou—ou fè de Bondye yon kokenn dezonè. Ou—ou dezonore Kris, kifè piga w pran l. Men si w ap eseye ak tout sa ki nan ou, pou viv dwat epi montre ke w se yon Kreyen, ke w renmen Jezikri, alò se devwa w pou fè sa.

¹³⁸ Epi kounye a bò la a nan . . . Mwen kwè se Sen Jan, chapit 6 la, Jezi di: “Nenpòt moun ki manje Chè Mwen epi bwè San Mwen gen Lavi etènèl, e M va resisite l nan dènne jou a.” Bon, pwomès sa a, èske se pa yon bagay glorie? “M ap resisite l.”

¹³⁹ Èske w te janm panse poukisa w isi a? Kisa w ye—poukisa nou pral lekòl, timoun yo? Poukisa w ap travay, papa? Kisa k fè w leve, ak manman, le maten, pou voye timoun yo lekòl, lave figi yo, epi fè kabann yo epi fè manje, epi—epi—epi fè tou sa? Rantre, fatigue jou swa sa, epi jou apre a rekòmanse menm bagay la. Poukisa w fè l? Poukisa w ap travay epi ap fòse, papa, ak tout bagay? Ou rantre nan mitan lannwit, epi w bouke, epi youn nan timoun yo tonbe malad epi w ap mache monte desann, epi ap kriye epi priye epi lite, e yo geri; epi rekòmanse ankò, epi w refè l ankò. Epi chak Dimanch lave figi yo, pou mennen yo legliz. Bon,

ebyen, poukisa tout sa? Poukisa w la a? Èske se tout sa ki gen pou fè? O la la, sa t ap mizerab, pou w konsyan ke w gen pou w pati kanmenm. Ou wè? Poukisa tou sa?

¹⁴⁰ O! Frè, se yon tan egzamen, se tan pou sezi yon okazyon! Se okasyon pou aksepte Sa a. Di m yon bagay ki ka pran plas Li. Di m yon bagay ki pi bon pase Sa a. Montre m nenpòt bagay nan mond lan, ke w se wa tè a, ke w ap dirije linivè, ke w se yon Khrushchev oswa yon Kennedy, ou kèlkeswa sa w vle ye a, w ap mouri menm jan an. Se vre! Ou pa konn kilè sa ap rive, a nenpòt moman an. Men la, lè lanmò frape, ou gen Lavi Etènèl e ou pa ka mouri, ak yon garanti Bondye tout kreyasyon an, Ki Posede Syèl ak tè a, “M ap resisite l ankò nan dènye jou a.”

¹⁴¹ Ede enkredilite mwen, O Bondye. Ranpli nanm mwen, O Bondye, pirifye m, ranpli m, rechaje m, voye mwen. Pa kite m mouri, kite m viv pou m rakonte Istwa a. Kite m ale nan chak ti fant ak kwen tè a, pou preche Pawòl la epi simen semans lan, wi, mesye, pou ka gen yon rekòt nan dènye jou a, vrè Pawòl ki pa kontamine a, ak kwayan nan Kris.

¹⁴² Èske peche w yo anba San an, pa lafwa aswè a nan Kris Jezi? Kounye a n ap pran kominyon an. Se pa kominyon an; w ap kominye pandan w ap manje youn ak lòt. Jis ap kominye ak Bondye. Kominyon an se pa pen an, se pa diven an, *kominyon* se “ap pale ale tounen ak Bondye.” E sa se yon senbòl ke nou pran, ke nou kwè nan lanmò Li, kò brize L la, antèman ak rezirèksyon L, nou kwè nan Prezans Sentespri a. E nou kwè ke Li ban nou Lavi Etènèl e nou pa ka mouri, nou pase de lanmò a Lavi. E yon jou lè nou separe youn ak lòt isi a, n ap resisite nan rezirèksyon an ak youn lòt, ini ansanm ak Kris Jezi, antanke yon Kò. Amèn. Sou baz sa yo, ak konfèsyon peche m yo, ak fwa m nan Pitit Bondye a, M prezante tèt mwen ak legliz la devan eleman sa yo ke Bondye kite pou nou fè, pou anonse lanmò Li jouk Li vini.

¹⁴³ Jezi di, “Sa a se kò M ki brize pou nou. Manje, fè sa pou raple nou de Mwen.”

¹⁴⁴ Papa nou ki nan Syèl la, apre nou fin konfese peche nou yo, tandè Pawòl Ou, apre n te konfese ke nou pa di, e nou met konfyans nou sèlman nan merit Pitit Bondye a. Nou se dè kreyati ki pa di. Padone nou, Seyè, pou tout sa nou te fè. E kounye a, pa lafwa, nou vin bò tab Seyè a. E kounye a pandan pen sa a prezante pou reprezante kò Seyè nou an, Mwen priye, Papa, ke W va sanktifye l pou entansyon li te prepare a. E ke chak moun ki patisipe nan sa a gen Lavi Etènèl nan nanm yo. E ke chak moun ki pran l jwenn gerizon nan kò yo, epi viv tan ki fikse ke W te ba yo a. E ke yo sèvi W tout jou vi yo, pou yo resisite nan dènye jou rezirèksyon an, pou yo ka rasanble ansanm ak tribi sou tè a ki rachte ak San Kris la. Akòde l, Seyè, nan Non Jezi nou mande l. Amèn.

¹⁴⁵ Bib la di, “Menm jan an apre L te fin soupe, Li te pran koup la, te di, ‘Sa a se koup Nouvo Testaman an, a chak fwa ou va bwè sa a ou va anonse lanmò Seyè a jouk Li vini.’”

¹⁴⁶ Papa nou ki nan Syèl la, nou prezante ba Ou fwi pye rezen an aswè a, diven sa a. E nou priye, Papa nou ki nan Syèl la, ke W va sanktifye diven sa a, li reprezante San ki te koule pou nou sou Kalvè a. Atravè San sa a nou gen padon peche nou yo, pa lafwa nan zèv akonpli Jezikri a. Padone nou pou . . . tout enkredilite nou yo, Seyè, e ban nou lafwa ak konpreyansyon, epi fè nou vin sèvitè Ou, Seyè, pou nou ka sèvi W pandan tout vi nou. Rete avèk nou, Papa, pandan nou ini ansanm toutotou tab sa a, epi beni nou nan bon fratènite sa a ak kominyon avèk Ou. Epi ke W pale ak kè nou pou montre nou zèv ke n ta dwe fè yo. Akòde l, Seyè. Sanktifye diven sa a pou entansyon ke yo te prevwa l la. Nan Non Jezikri nou mande l. Amèn. 

62-0506 Posede Tout Bagay
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indiyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwoudi on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmasyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org